

**TEMBUNG KAHANAN BASA JAWI KINA WONTEN ING
BASA JAWI ENGGAL**
(Adhedhasar Kamus Jawa Kuna-Indonesia kaliyan Baoesastra Djawa)

SKRIPSI

**Dipunaturaken dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat
Minangka kangge Pikantuk *Gelar Sarjana Pendidikan***



dening:

Anggun Fajariana

NIM 09205241036

**PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Kekerabatan Basa Jawi saha Basa Madura Adhedhasar Bausastra Jawa kaliyan Kamus Madura menika saged kauji awit sampun pikantuk palilah saking pembimbing minangka sarat pendadaran.



Yogyakarta, 1 Mei 2013

Pembimbing I,

Siti Mulyani, M. Hum.

NIP 19620729 198703 2 002

Yogyakarta, 1 Mei 2013

Pembimbing II,

Hardiyanto, M. Hum.

NIP 19561130 198411 1 001

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tembung Kahanan Basa Jawi Kina wonten ing Basa Jawi Enggal (Adhedhasar Kamus Jawa Kuna-Indonesia kaliyan Baoesastra Djawa)* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 10 Mei 2013 saha dipuntetepaken lulus.

Asma	Jabatan	Tapa Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		20/5 2013
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Sekretaris Penguji		15/5 2013
Drs. Mulyana, M.Hum.	Penguji I		19/5 2013
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Penguji II		14/5 2013

Yogyakarta, 10 Mei 2013

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tandha tangan wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Anggun Fajariana**
NIM : 09205241036
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika damelan kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika wosipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggul jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 1 Mei 2013

Panyerat,



Anggun Fajariana

SESANTI

‘Samukawis karaos endah bilih dipuntampi kanthi ikhlas’

(Panyerat)

*‘Jika ingin berhasil, jangan pikirkan hasilnya, tapi bulatkan dulu niat untuk
berhasil’*

(Dedy Corbuzier)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT. *karya ilmiah* menika kula
pisungsungaken dhateng: Bapak kaliyan Ibu ingkang sampun paring
panyengkuyung saha donga.

PRAWACANA

Panyerat munjukaken puja puji syukur dhumateng Allah SWT ingkang sampun mapinten-pinten paring kanikmatan, kasarasan, kabegjan dhateng panyerat, saengga skripsi kanthi irah-irahan *Tembung Kahanan Basa Jawi Kina wonten ing Basa Jawi Enggal (Adhedhasar Kamus Jawa Kuna-Indonesia kaliyan Baoesastra Djawa)* menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* sarjana pendidikan.

Panyerating skripsi menika saged rampung amargi pikantuk pitulungan saking sadaya *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun kanthi tulus dhumateng.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M. Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring wejangan sadangunipun sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
3. Ibu Siti Mulyani, M.Hum. ingkang tansah sabar saha tlatos maringi bimbingan tumrap panyerat.
4. Bapak Hardiyanto, M.Hum. ingkang tansah sabar saha tlatos maringi bimbingan tumrap panyerat.
5. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati minangka *Pembimbing Akademik* ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni inggih ingkang murakabi tumrap panyerat.
7. Bapak Ibu *dewan penguji* sadangunipun Ujian Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah saengga anggen kula damel skripsi saha ujian saged katampi.
8. Bapak Supardi kaliyan Ibu Istianah ingkang sampun paring panyengkuyung kaliyan donga tumrap panyerat.

9. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa sarta sedaya pihak ingkang boten saged kula sebutaken sedaya ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Temtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 1 Mei 2013

Panyerat,



Anggun Fajariana

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN.....	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
PRAWACANA.....	vii
WOSING ISI.....	ix
<i>DAFTAR TABEL</i>	xi
<i>DAFTAR SKEMA</i>	xii
<i>DAFTAR LAMPIRAN</i>	xiii
<i>DAFTAR TETENGER</i>	xiv
<i>DAFTAR SINGKATAN</i>	xvii
SARINING PANALITEN.....	xviii
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Perkawis.....	3
C. Watesaning Perkawis.....	3
D. Wosing Perkawis.....	4
E. Ancasing Panaliten.....	4
F. Paedahing Panaliten.....	5
G. Pangertosan.....	6
BAB II GEGARAN TEORI.....	8
A. <i>Linguistik Historis Komparatif</i>	8
1. Pangertosan <i>Linguistik Historis Komparatif</i>	8
2. Ancasipun <i>Linguistik Historis Komparatif</i>	9
3. Babagan Nandhingaken Basa.....	10

4. <i>Faktor</i> ingkang Njalari Wujud saha Teges ingkang Sami.....	11
B. Ewah-Ewahaning Basa.....	14
1. Pangertosan Ewah-Ewahaning Basa.....	14
2. <i>Faktor-faktor</i> ingkang Njalari Ewah-Ewahaning Basa.....	15
3. Jinis-jinis Ewah-Ewahaning Swanten.....	15
C. Basa Jawi Kina.....	19
D. Basa Jawi Enggal.....	21
E. Tembung Kahanan.....	23
F. Nalaring Pikir.....	24
G. Panaliten ingkang Jumbuh.....	25
BAB III CARA PANALITEN.....	27
A. Jinising Panaliten.....	27
B. <i>Data</i> lan Sumbering <i>Data</i>	27
C. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i>	27
D. Pirantining Panaliten.....	29
E. Caranipun Nganalisis Dhata	29
F. <i>Validitas</i> saha <i>Reliabilitas</i>	30
BAB VI ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN.....	32
A. Asiling Panaliten.....	32
B. Pirembagan.....	37
BAB V PANUTUP.....	74
A. Dudutan.....	74
B. Implikasi.....	77
C. Pamrayogi.....	78
KAPUSTAKAN.....	79
<i>LAMPIRAN</i>	81

DAFTAR TABEL

	kaca
<i>Tabel 1 : Diftong</i> basa Jawi Enggal ingkang dados <i>vokal</i> tunggal.....	17
<i>Tabel 2 : Kertu Data</i> Tembung Kahanan Basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal.....	28
<i>Tabel 3 : Analisis data</i> tembung kahanan basa Jawi Kina kaliyan tembung kahanan basa Jawi Enggal.....	29
<i>Tabel 4 : Tembung</i> kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal Adhedhasar Wujud saha Teges.....	32

DAFTAR SKEMA

	kaca
<i>Skema 1: Merger aksara a</i>	75
<i>Skema 2: Merger aksara i</i>	75
<i>Skema 3: Merger aksara oe utawi u</i>	75
<i>Skema 4: Merger aksara d</i>	75
<i>Skema 5: Merger aksara ḍ</i>	76
<i>Skema 6: Merger aksara n</i>	76
<i>Skema 7: Merger aksara s</i>	76
<i>Skema 8: Merger aksara t</i>	76
<i>Skema 9: Parsial Merger utawi split parsial aksara dh</i>	77

DAFTAR LAMPIRAN

	kaca
<i>Lampiran 1: Tabel Analisis Tembung Kahanan Basa Jawi Kina wonten ing Basa Jawi Enggal Adhedhasar Wujud saha Teges.....</i>	81

DAFTAR TETENGER

Basa Jawi Kina

Tetenger	Teges
â	nedahaken <i>vokal</i> a dados sandi
ă	nedahaken <i>vokal</i> a saged panjang ugi saged cekak
ā	nedahaken <i>vokal</i> a dados a panjang
bh	nedahaken b <i>mahaprana</i>
ḍ	dipunwaos dh (<i>ḍiḍik</i> ‘sethithik’)
dh	nedahaken d <i>mahaprana</i> (<i>dhira</i> ‘wani’)
ě	nedahaken <i>vokal</i> e (<i>čěčěd</i> ‘cacad’)
e	nedahaken <i>vokal</i> é saha è
gh	nedahaken g <i>mahaprana</i> (<i>ghora</i> ‘ngegirisi’)
ḥ	dipunwaos h (<i>duḥka</i> ‘sedhih’)
ī	nedahaken <i>vokal</i> i panjang
ĩ	nedahaken <i>vokal</i> i saged panjang ugi saged cekak
ñ	dipunwaos ny
ṅ	dipunwaos n (<i>curṅa</i> ‘rusak’)
ö	nedahaken <i>vokal</i> e panjang
ô	nedahaken <i>vokal</i> o saged panjang ugi saged cekak
ṛ	dipunwaos re
ṣ	dipunwaos sh
ś	dipunwaos sy
ṭ	dipunwaos th
th	nedahaken t <i>mahaprana</i> (<i>swastha</i> ‘rahayu’)
ṭh	nedahaken th <i>mahaprana</i> (<i>lobhiṣṭha</i> ‘murka banget’)
ũ	nedahaken <i>vokal</i> u saged panjang ugi saged cekak
ū	nedahaken <i>vokal</i> u panjang
(-)	<i>tanda hubung</i> , dipunginakaken kangge nyambung tembung kaliyan wuwuhan

(-)	<i>tanda pisah</i> , katrangan oposisi
('....')	<i>tanda petik tunggal</i> , ngapit tegesing tembung, <i>terjemahan</i> saha andharan
{....}	nedahaken <i>morfem</i>
→	dipunwaos dados

Basa Jawi Enggal

Tetenger	Teges
ḍ	dipunwaos dh
dj	dipunwaos j
j	dipunwaos y
nj	dipunwaos ny
oe	dipunwaos u
tj	dipunwaos c
ṭ	dipunwaos th
(-)	<i>tanda hubung</i> , dipunginakaken kangge nyambung tembung kaliyan wuwuhan
(-)	<i>tanda pisah</i> , katrangan oposisi
('....')	<i>tanda petik tunggal</i> , ngapit tegesing tembung, <i>terjemahan</i> saha andharan
{....}	nedahaken <i>morfem</i>
→	dipunwaos dados

DAFTAR SINGKATAN

B. J. : Basa Jawi
KA : Kolom *A*
KB : Kolom *B*

**TEMBUNG KAHANAN BASA JAWI KINA WONTEN ING
BASA JAWI ENGGAL
(Adhedhasar Kamus Jawa Kuna-Indonesia kaliyan Baoesastra Djawa)**

**Dening Anggun Fajariana
NIM 09205241036**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken pangrembakaning tembung kahanan basa Jawi Kina adhedhasar kamus Jawa Kuna-Indonesia ing basa Jawi Enggal adhedhasar Baoesastra Djawa. Panaliten menika ngrembag babagan wujud saha teges tembung kahanan.

Jinising panaliten inggih menika panaliten *deskriptif*. *Data* ing panaliten menika awujud tembung kahanan basa Jawi Kina kaliyan tembung kahanan basa Jawi Enggal. Sumbering *data* inggih menika tembung kahanan basa Jawi Kina saking kamus Jawa Kuna-Indonesia anggitanipun L. Mardiwarsito kaliyan tembung kahanan basa Jawi Enggal saking Baoesastra Djawa anggitanipun W.J.S. Poerwadarminta. Caranipun ngempalaken *data* ngangge *teknik baca-catat*. *Data* dipunanalisis ngangge *teknik deskriptif* inggih menika panaliti ngandharaken ewah-ewahaning tembung-tembung kahanan ingkang sampun dipunkempalaken. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas triangulasi teori*. *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten ngandharaken pangrembakaning tembung-tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal gayut kaliyan babagan wujud saha teges. Pangrembakaning basa kasebut kapanggihaken ewah-ewahan tembung kahanan menika wonten tigang kategori. Kategori ingkang angka setunggal inggih menika tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal ingkang wujud saha teges sami. Kategori ingkang angka kalih inggih menika tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal ingkang wujudipun sami ananging tegesipun beda. Lajeng kategori ingkang pungkasan inggih menika tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal ingkang wujudipun beda ananging tegesipun sami. Ewahing teges gegayutan kaliyan wontenipun ewah-ewahan jinis tembung. Ewah-ewahaning wujud wonten ing ewahing aksara, icalipun aksara, tambahing aksara saha tambahing *wanda*. Ewahing wujud ugi wonten ingkang *merger* kaliyan *split parsial* utawi *parsial merger*. Ewahing wujud tembung ing basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal ingkang *merger* inggih menika: (1) aksara ā, ă, â saha e *merger* dados aksara a, (2) aksara ī saha ĭ *merger* dados aksara i, (3) aksara o, ū, saha ů *merger* dados aksara oe, (4) aksara ḍ saha dh *merger* dados aksara d, (5) aksara d saha dh *merger* dados aksara ḍ, (6) aksara ṅ saha ñ *merger* dados aksara n, (7) aksara ṣ saha ś *merger* dados aksara s, (8) aksara th saha ṭh *merger* dados aksara t. Ewahing wujud tembung ing basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal ingkang *parsial merger* utawi *split parsial* inggih menika aksara ḍ kaliyan aksara dh *merger* dados aksara d, ananging aksara dh kajawi saking aksara dados d ugi wonten ingkang dados aksara ḍ ing basa Jawi Enggal.

BAB 1 PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa Jawi Enggal menika pangrembakanipun saking basa Jawi Kina. Awit saking menika menawi dipuntingali saking panganggening basa, dipunpanggihaken tembung-tembung basa Jawi Enggal ingkang wujud saha tegesipun sami kaliyan basa Jawi Kina. Ananging wonten tembung-tembung ingkang ewah wujud saha tegesipun. Ewah-ewahaning basa Jawi Kina dados basa Jawi Enggal menika wonten ing struktur, tembung saha teges.

Tembung-tembung ingkang wonten ing basa Jawi Enggal saha basa Jawi Kina menika maneka warna jinisipun. Salah satunggal tembung ingkang wonten ing basa Jawi Enggal kaliyan Jawi Kina inggih menika tembung kahanan. Tembung kahanan inggih menika sedaya tembung ingkang mratelakaken kahanan utawi sipatipun salah satunggaling bab utawi mratelakaken sipatipun barang (Sasangka, 1989:86). Tegesipun inggih menika sedaya tembung ingkang ngandharaken ngengingi sipat utawi watakipun barang kalebet tembung kahanan.

Panganggening tembung kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal menika wonten tigang kasus. Kasus ingkang kaping setunggal inggih menika panganggening tembung kahanan wonten ing basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina ingkang wujud saha tegesipun sami. Tuladhanipun inggih menika tembung *takut* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:586) tegesipun ‘ajrih’. Ing basa Jawi kina *takut* (Mardiwarsito, 1981:575) ugi sami gadhah teges ‘ajrih’.

Kasus ingkang angka kalih inggih menika panganggening tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina ingkang wujudipun sami nanging

tegesipun beda. Tuladhanipun inggih menika tembung *arja* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:18) tegesipun inggih menika ‘slamet’. Ananging tembung *arja* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:76) gadhah teges ‘endah’. Tembung kekalih menika menawi dipuntingali saking jinising tembung, kalebet tembung kahanan. Saking andharan tembung *arja* wonten ing nginggil, saged kadamel dhudhutan inggih menika tembung *arja* wonten ing basa Jawi Enggal gadhah wujud sami kaliyan tembung *arja* ing basa Jawi Kina nanging tegesipun beda.

Kasus ingkang angka tiga inggih menika panganggening tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina ingkang wujudipun beda nanging tegesipun sami. Tuladhanipun inggih menika embung *ayu* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:5) tegesipun ‘becik’. Tembung ingkang gadhah teges sami kaliyan tembung *ayu* inggih menika tembung *hayu*. Tembung *hayu* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:215) ugi gadhah teges ‘becik’. Menawi dipuntingali saking babagan fonologi basa Jawi, tembung kekalih menika beda. Bedanipun inggih menika wonten ing basa Jawi Enggal konsonan /h/ ing sakngajengipun tembung dipunlesapaken. Saking andharan tembung *ayu* wonten ing nginggil, saged kadamel dhudhutan inggih menika tembung *ayu* wonten ing basa Jawi Enggal gadhah teges sami kaliyan tembung *hayu* wonten ing Jawi Kina.

Saking andharan wonten ing nginggil, panganggening tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina prelu dipuntliti. Ewah-ewahanipun tembung kahanan ingkang wonten ing basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina menika wujudipun maneka warna. Ewah-ewahanipun tembung kahanan ingkang maneka warna kalawau saged nambahi paedah kangge ngelmu basa. Mliginipun ngelmu ngengingi pangrembakanipun basa Jawi Kina dados basa Jawi Enggal.

Saking perkawis menika, saengga kula mendhet panaliten babagan Tembung Kahanan Basa Jawi Kina Wonten Ing Basa Jawi Enggal (Adhedhasar Kamus Jawa Kuna-Indonesia Kaliyan Baoesastra Djawa).

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar saking perkawis ingkang sampun kaandharaken wonten ing dhasaring panaliten, saged dipunpendhet pinten-pinten perkawis antawisipun inggih menika :

1. panganggening tembung kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal,
2. tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang wujud saha tegesipun sami kaliyan basa Jawi Enggal,
3. tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang wujudipun sami kaliyan basa Jawi Enggal ananging tegesipun beda,
4. tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang wujudipun beda kaliyan basa Jawa Enggal ananging tegesipun sami,
5. ewah-ewahaning wujud tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal,
6. ewah-ewahaning teges tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal.

C. Watesaning Perkawis

Watesaning perkawis wonten ing panaliten ingkang saged dipunpendhet inggih menika :

1. tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang wujud saha tegesipun sami kaliyan basa Jawi Enggal,

2. tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang wujudipun sami kaliyan basa Jawi Enggal ananging tegesipun beda,
3. tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang wujudipun beda kaliyan basa Jawi Enggal ananging tegesipun sami,
4. ewah-ewahaning wujud tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal,
5. ewah-ewahaning teges tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal.

D. Wosing Perkawis

Wosing perkawis ingkang badhe kaandharaken inggih menika :

1. menapa kemawon tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang gadhah wujud saha teges sami kaliyan basa Jawi Enggal?
2. menapa kemawon tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang gadhah wujud sami kaliyan basa Jawi Enggal ananging tegesipun beda?
3. menapa kemawon tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang gadhah wujud beda kaliyan basa Jawi Enggal ananging tegesipun sami?
4. kadospundi ewah-ewahaning wujud tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal?
5. kadospundi ewah-ewahaning teges tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas inggih menika :

1. ngandharaken tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang gadhah wujud saha teges ingkang sami kaliyan basa Jawi Enggal,

2. ngandharaken tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang gadhah wujud sami kaliyan basa Jawi Enggal ananging tegesipun beda,
3. ngandharaken tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang gadhah wujud beda kaliyan basa Jawi Enggal ananging tegesipun sami,
4. ngandharaken ewah-ewahaning wujud tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal,
5. ngandharaken ewah-ewahaning teges tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal.

F. Paedahing Panaliten

Paedah ingkang badhe dipunkajengaken wonten ing panaliten inggih menika paedah teoritis kaliyan paedah praktis. Paedah menika saged dipuntingali kadosta ing ngandhap menika.

1. Paedah Teoritis

Panaliten menika gadhah kekajengan bilih saged paring pangertosan ugi ngandharaken babagan Tembung Kahanan Basa Jawi Kina wonten ing Basa Jawi Enggal (Adhedhasar kamus Basa Jawa Kuno-Indonesia saha Baoesastra Djawa) ingkang saged paring khasanah keilmuan wonten ing babagan basa, mliginipun basa Jawi Kina saha Basa Jawi Enggal.

2. Paedah Praktis

Hasil panaliten menika saged paring panduan saha panjurung kangge nliti babagan basa Jawi Kina ingkang sanesipun. Boten namung nliti babagan basa Jawi Kina sanesipun ugi saged kangge mangertosi ewah-ewahaning tembung kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal.

G. Pangertosan

Miturut saking panaliten kanthi irah-irahan *Tembung Kahanan Basa Jawi Kina wonten ing Basa Jawi Enggal (Adhedhasar Kamus Jawa Kuna-Indonesia kaliyan Kamus Baoesastra Djawa)*, saengga wonten tembung-tembung ingkang kedah dipunwatesi pangertosanipun, inggih menika

1. Tembung Kahanan

Tembung kahanan inggih menika sedaya tembung ingkang mratelakaken kadospundi kahanan utawi sifatipun menapa kemawon. Tembung kahanan ingkang dados pirembaran namung tembung kahanan ingkang wonten ing kamus Baoesastra Djawa anggitanipun W.J.S Poerwadarminto ingkang prawacanipun ngginakaken basa Jawi ejaan Soewandi, kaliyan kamus Jawa Kuno-Indonesia anggitanipun L. Mardiwarsito ingkang prawacanipun ngginakaken basa Indonesia.

2. Basa Jawi Kina

Basa Jawi Kina inggih menika basa ingkang dipunginakaken dening tiyang Jawi kirang langkung saking abad 8 Masehi dumugi abad 15 Masehi. Buktinipun inggih menika wonten karya sastra ingkang irah-irahanipun Caṅdakarāṇa. Karya sastra menika wosipun inggih menika ngandharaken nama-nama raja keturunanipun Sailendra. Karya sastra menika dipunpanggihaken abad 8 M.

3. Basa Jawi Enggal

Basa Jawi Enggal inggih menika basa ingkang dipunginakaken dening tiyang Jawi kirang langkung saking abad 16 Masehi dumugi samenika. Pangrembakanipun basa Jawi Enggal menika sareng kaliyan gantosipun

kabudayan Hindhu-Budha Jawi dados kabudayan Islam Jawi. Buktinipun inggih menika wonten teks Dewaruci Tembang Gedhe ingkang sampun ngginakaken tingkat tutur ragam krama wonten ing teksipun.

BAB II **GEGARAN TEORI**

A. *Linguistik Historis Komparatif*

1. Pangertosan *Linguistik Historis Komparatif*

Linguistik Historis Komparatif asring dipunsingkat dados LHK. *Linguistik Historis Komparatif* inggih menika salah satunggaling cabang ngelmu *linguistik* ingkang ngandharaken pangrembakanipun basa saking wekdal setunggal dumugi wekdal sanesipun. Miturut Keraf, (1984:22), *Linguistik Historis Komparatif* inggih menika salah satunggaling cabang ngelmu basa ingkang ngandharaken basa kaliyan ewah-ewahanipun unsur basa wonten ing salah satunggaling wekdal. *Linguistik Historis komparatif* menika gadhah istilah ingkang maneka warna.

Salah satunggal istilah kangge nyebataken *Linguistik Historis Komparatif* inggih menika *Linguistik Komparatif (Comparatif Linguistics)*. *Linguistik Historis Komparatif* ugi saged dipunsebat *Linguistik Historis (Historical Linguistics)*, wonten ingkang nyebataken istilah *Linguistik Historis Komparatif* ngangge istilah *Linguistik Bandingan Historis*. *Linguistik Komparatif* asring dipunginakaken kangge nyebataken *Linguistik Historis Komparatif*. Para ahli *linguis* nyebataken istilah *Linguistik Komparatif* mliginipun kangge salah satunggaling cabang ngelmu *linguistik* ingkang ngandharaken *Linguistik Historis* (Fernandes wonten ing Mulyani, 2007:1). Istilah *Linguistik Komparatif* asring dipunsebataken dening para ahli kangge ngandharaken *Linguistik Historis*.

Tembung *komparatif* wonten ing disiplin ngelmu menika nedahaken cara ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten. Cara *komparatif* dipunginakaken kangge manggihaken bedaning basa ingkang dipuntliti. Wonten ing *Linguistik*

Historis Komparatif ingkang dipuntliti inggih menika sejarahipun basa, menika dipuntliti kangge manggihaken unsur ewah-ewahanipun.

Saking andharan ing nginggil saged kadamel dhudhutanipun inggih menika, *Linguistik Historis Komparatif* minangka salah satunggaling ngelmu *linguistik* ingkang ngandharaken pangrembakanipun basa ingkang gayut kaliyan *dimensi diakronis* salah satunggaling basa. *Dimensi diakronis* inggih menika anggenipun manggihaken ewah-ewahaning unsur basa menika mawi cara nandhingaken.

2. Ancasipun *Linguistik Historis Komparatif*

Ngelmu *linguistik* kanthi ngginakaken cara *komparatif* kangge manggihaken bedaning basa saksanesipun *Linguistik Historis Komparatif* inggih menika *Tipologi Basa* kaliyan *Linguistik Kontrastif*. Saking tigang disiplin ngelmu kalawau, cara *komparatif* dipunginakaken kangge nandhingaken unsur basa, nanging ancasipun saben disiplin ngelmu kalawau beda. Ancasipun *Linguistik Historis Komparatif* mawi *komparatif* kangge ngandharaken pangrembakanipun basa saking wekdal setunggal dumugi wekdal sanesipun. Ancasipun miturut Mulyani (2007:2), langkung cetha saged dipuntingali saking ing ngandhap menika inggih menika.

- a. Ngandharaken ewah-ewahaning basa ingkang dipuntliti, wonten ing ngriki *Linguistik Historis Komparatif* ngandharaken kadospundi ewah-ewahanipun basa ingkang dipuntliti.
- b. Nliti bab-bab ingkang njalari ewah-ewahaning basa, sejarah ewah-ewahaning basa menika saged dipuntingali saking pinten-pinten bab. Bab menika gegayutan kaliyan babagan *fonologi* utawi babagan saknginggilipun.

Tugasipun *Linguistik Historis Komparatif* kangge ngandharaken menapa ingkang njalari ewah-ewahaning basa ingkang dipuntliti.

- c. Unsur-unsur basa ingkang dipunpanggihaken saking asiling nandhingaken kalawau, dipundadosaken dhasaring pangelompokanipun. Unsur basa ingkang sami dipundadosaken setunggal kelompok, unsur basa ingkang beda ugi mekaten. Aspek basa wonten ing *Linguistik Historis Komparatif* ingkang dipunginakaken kangge manggihaken unsur basa ingkang beda inggih menika aspek *fonologis*. Aspek *fonologis* saged dipunginakaken kangge ngelompokaken basa ingkang setunggal *rumpun*. Basa-basa ingkang unsuripun sami kinten-kinten saking basa asal ingkang sami.

Adhedhasar ancasipun *Linguistik Historis Komparatif* wonten ing nginggil, saged kapendhet dudutanipun inggih menika *Linguistik Historis Komparatif* gadhah ancas kangge ngandharaken ewah-ewahaning basa ingkang dipuntliti, lajeng nliti bab-bab ingkang njalari ewah-ewahaning basa menika. Saksampunipun dipuntliti, unsur-unsur basa ingkang kapanggihaken dipuntandhingaken. Asiling unsur-unsur basa ingkang sami menika dipundadosaken dhasaring pangelompokanipun basa. Unsur basa ingkang sami dipundadosaken setunggal kelompok, unsur basa ingkang beda ugi mekaten.

3. Babagan Nandhingaken Basa

Babagan nandhingaken basa inggih menika aspek-aspek menapa kemawon ingkang dipunginakaken kangge nandhingaken basa. Aspek basa ingkang dipunginakaken kangge bahan nandhingaken basa inggih menika saking wujud saha teges. *Kaidah-kaidah* kangge mangertosi sesambetanipun basa saged

dipuntingali saking aspek wujud saha teges ingkang dipuntliti. Basa-basa pundi kemawon saged dipundadosaken *objek* kangge nandhingaken basa, jalaran saben basa gadhah titikan *kesemestaan (universal)* tartamtu. *Kesemestaan* basa miturut Keraf (1984:33) kadosta ing ngandhap menika.

- a. Wujudipun salah setunggaling basa ingkang gayut kaliyan tegesipun. Saben basa gadhah wujud-wujud tartamtu ingkang gayut kaliyan teges. Wujud saha teges kalawau mliginipun kangge gampilaken *referensi*.
- b. Saben basa gadhah *unit fungsional* ingkang paling alit inggih menika *fonem* kaliyan *morfem*. Cacahipun *fonem* saben basa menika winates, nanging saged ngasilaken *morfem* ingkang boten winates. *Fonem* saha *morfem* antawisipun basa setunggal kaliyan basa sanesipun beda, nanging gadhah *fungsi* ingkang sami inggih menika kangge mbedakaken teges.
- c. Saben basa gadhah jinis-jinising tembung tartamtu. Wonten ing basa Jawi jinis-jinising tembung menika maneka warna, tuladhanipun inggih menika tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, tembung sesulih, saha tembung wilangan.

Adhedhasar saking andharan wonten ing nginggil, saged kapendhet dudutanipun inggih menika *kesemestaan* basa menika wonten tiga. Angka setunggal inggih menika wujudipun salah setunggaling basa menika gayut kaliyan tegesipun. Wujud saha teges kalawau mliginipun kangge gampilaken *referensi*. Angka kalih inggih menika unit fungsional basa ingkang paling alit, awujud fonem kaliyan morfem. Fonem saha morfem antawisipun basa setunggal kaliyan basa sanesipun menika beda, nanging fungsi sami inggih menika kangge mbedakaken teges. Lajeng ingkang pungkasan inggih menika jinis-jinising tembung. Wonten

ing basa Jawi jinis-jinising tembung menika maneka warna, tuladhanipun inggih menika tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, tembung sesulih, saha tembung wilangan.

4. Faktor ingkang Njalari Wujud saha Tegesing Tembung ingkang Sami

Basa ingkang dipunginakaken kangge piranti *komunikasi* antawisipun tiyang wonten ing masarakat cacahipun kirang langkung 5.445 (Parera wonten ing Mulyani, 2007:7). Antawisipun basa setunggal kaliyan basa sanesipun ingkang beda menawi dipuntliti saged dipunpanggihaken menawi basa menika wonten perangan ingkang sami. Sudarno wonten ing Mulyani (2007:7) nyebataken wonten tigang *faktor* ingkang njalari dipunpanggihaken unsur ingkang sami antawisipun basa setunggal kaliyan basa sanesipun. Bab menika saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. *By Change (Kebetulan)*

Wontenipun unsur-unsur ingkang sami antawisipun basa setunggal kaliyan basa sanesipun jalaran basa ingkang dipunginakaken kangge piranti *komunikasi* ing masarakat menika kathah. Unsur-unsur ingkang sami menika jalaran *faktor kebetulan*.

Tuladhanipun *faktor kebetulan* inggih menika tembung *mati* wonten ing basa Yunani Moderen ingkang gadhah teges paningal. Tembung menika menawi dipuntingali saking aspek *fonetis* saged dipunsebat sami kaliyan tembung *mata* wonten ing basa Indonesia ingkang tegesipun ugi sami inggih menika paningal. Tembung kekalih wau kinten-kinten gadhah wujud ingkang ameh sami, ananging antawisipun basa Yunani Moderen kaliyan basa Indonesia menika boten wonten

gayutanipun. Menawi dipuntingali saking aspek sejarahipun, ingkang njalari basa kekalih menika meh sami inggih menika *faktor by change*. Titikanipun unsur basa ingkang sami amargi *faktor by change* kadosdene ing ngandhap menika.

1. Antawisipun panutur basa ingkang gadhah unsur basa sami boten nate sesambetan saderengipun. Sesambetan mawi cara *fisik* utawi cara *kultural*. Tegesipun mawi cara *fisik* inggih menika antawisipun panutur setunggal kaliyan panutur sanesipun ingkang unsur basanipun sami nindakaken *komunikasi* mawi lisan. Sesambetan mawi cara *kultural* tegesipun antawisipun panutur basa ingkang ngandhut unsur basa ingkang sami menika sesambetanipun mawi sarana panutur sanes, buku, kaliyan piranti kangge ngrekam.
2. Cacahipun unsur basa ingkang sami menika namung sakedhik. Wujudipun tembung saha pangertosan wonten ing unsur ingkang sami menika sipatipun boten *logis* saha boten *sistematis*.

b. *Borrowing (Pinjam meminjam)*

Borrowing inggih menika ngandharaken ngengingi salah satunggaling basa ingkang ngampil *satuan lingual* basa sanesipun. Anggenipun ngampil kangge mujudaken salah setunggal konsep ingkang boten wonten ing basa ingkang ngampil kalawau. Panutur ingkang ngampil *satuan lingual* basa saking panutur sanesipun mawi cara langsung saha boten langsung.

Tuladhanipun faktor *borrowing* inggih menika tembung ingkang wonten ing basa Indonesia kadosta tembung *almanak*. Tembung *almanak* wonten ing basa Indonesia meh sami kaliyan tembung *almanak* wonten ing basa Walanda. Asalipun

tembung menika boten saking basa *proto* ingkang sami, nanging namung ngampil saking basa sanesipun.

Titikanipun unsur basa ingkang sami amargi *faktor borrowing* kadosdene ing ngandhap menika.

1. Unsur basa ingkang dipunampil saking basa sanes ngandhut pangertosan ingkang boten wonten ing basa ingkang ngampil. Unsur menika dipunampil kangge mujudaken menapa ingkang badhe dipunandharaken.
2. Setunggal *konsep* menawi langkung sopan ngangge basa sanesipun tinimbang menawi ngangge basa piyambak taksih kirang prayogi.

c. *Inheritance (Warisan Langsung)*

Inheritance inggih menika unsur basa ingkang sami antawisipun basa setunggal kaliyan basa sanesipun amargi basa kekalih menika asalipun sami. Faktor ingkang njalari basa asal antawisipun panutur ingkang unsur basanipun sami inggih menika papan saha wekdal. Cacahipun basa ingkang gadhah sesambetan menika kathah, wujudipun ugi maneka warna.

Titikanipun unsur basa ingkang sami amargi *faktor inheritance* kadosdene ing ngandhap menika.

1. Unsur basa ingkang sami saged ing sedaya *tataran kebahasaan*, menapa malih menawi basa kasebat dereng dangu anggenipun pisah.
2. Panutur ingkang taksih *primitif* utawi panutur ingkang sampun *moderen* gadhah tembung-tembung pokok ingkang sami.
3. Unsur-unsur ingkang sami menika gadhah sipat *logis* saha *konsisten*, saengga saged ngawontenaken *hukum bunyi*.

B. Ewah-ewahaning Basa

1. Pangertosan Ewah-ewahaning Basa

Basa ingkang dipunginakaken kangge sarana *komunikasi* saking wekdal setunggal dumugi wekdal sanesipun ngalami ewah-ewahan wonten ing unsur menapa kemawon. Ewah-ewahaning basa menika wonten ing babagan wujud saha teges. Ewah-ewahaning basa saking wekdal setunggal dumugi wekdal sanesipun gadhah sipat ingkang *universal*. Sedaya basa ingkang dipunginakaken dening tiyang kangge sarana *komunikasi* wonten ing masarakat menawi dipuntingali saking sejarah pangrembakanipun saged ugi ewah saking wujud asalipun.

Ewah-ewahaning basa kasebut wonten ing babagan *fonologis*, *leksikon*, *morfologis* saha tataran ingkang wiyar malih. Ewahipun *aspek-aspek* kalawau wonten kalih, ingkang sipatipun ajeg inggih menika kanthi cara *teratur* saha *sistematis*. Aspek ingkang sipatipun boten ajeg inggih menika kanthi cara *sporadis*. Tuladha ewah-ewahan ing tataran *fonologis* wonten ing ewah-ewahaning swanten. Tataran *fonologis* menika salah satunggaling tataran basa ingkang alit piyambak wonten ing ngelmu *Linguistik Historis Komparatif*.

2. Faktor-faktor ingkang Njalari Ewah-ewahaning Basa

Basa dipunginakaken dening tiyang kangge sarana *komunikasi* wonten ing masarakat. Basa menika dipunginakaken kangge ngandharaken gagasan saha pamanggih. Basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih menika saking wekdal setunggal dumugi wekdal sanesipun ewah saking basa asalipun, ingkang njalari ewahipun basa menika amargi kabudayan ingkang wonten

ing masarakat menika sipatipun ewah. Awit saking menika basa minangka perangan saking budaya utawi sarana kangge ngandharaken kabudayan ugi ewah.

Wardhaught wonten ing Chaer (2004:142) mbedakaken ewah-ewahaning basa mawi kalih perkawis, inggih menika ewah-ewahan jalaran faktor *internal* saha ewah-ewahan jalaran faktor *eksternal*. Ewah-ewahan saking faktor *internal* wonten ing basa menika piyambak, kadosta ewahipun *sistem fonologi*, *sistem morfologi* utawinipun *sistem sintaksis*. Menawi Ewah-ewahan saking faktor *eksternal* menika kadadosan saking daya pangaribawa saking njawi, kadosta panganggening unsur basa sanes utawi penyerapan *kosakata* kaliyan penambahan *fonem* saking basa sanes.

3. Jinis-jinis Ewah-ewahanipun Swanten

Basa induk utawi basa ingkang nurunaken basa ingkang dipunginakaken dening tiyang kangge *komunikasi* wonten ing masarakat sipatipun ewah. Ewah-ewahanipun basa menika saged dipunperang dados kalih, inggih menika ewah-ewahan ingkang sipatipun *sistematis* kaliyan ewah-ewahan ingkang sipatipun *sporadis*. Ewah-ewahan ingkang sipatipun *sistematis* tegesipun inggih menika ewah-ewahanipun basa mawi cara teratur saha ajeg kemawon, ewah-ewahan menika saged nuwuhaken *hukum* ewah-ewahan swanten. Ewah-ewahan ingkang sipatipun *sporadis* tegesipun ewah-ewahan menika namung kadadosan ing *kasus-kasus* tartamtu kemawon, ewah-ewahan menika sipatipun boten ajeg, dados boten nuwuhaken *hukum* ewah-ewahan swanten.

Tuladhanipun ewah-ewahanipun basa saged dipuntingali saking pangrembakanipun basa Jawi Kina dumugi basa Jawi ingkang dipunginakaken

sakmenika. Ewah-ewahanipun basa Jawi Kina dumugi basa ingkang dipunginakaken sakmenika gadhah sipat nglesapaken swanten. Pangrembakanipun *vokal* saha *konsonan* basa Jawi saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

a. *Vokal*

Basa Jawi Kina menika mbedakaken *vokal* panjang kaliyan *vokal pendek*, nanging wonten ing basa Jawi Enggal boten dipunpanggihaken *vokal* panjang. Sedaya *vokal* wonten ing basa Jawi Enggal, *vokal pendek*. Wonten ing basa Jawi Kina dipunpanggihaken *diftong*, *diftong* wonten ing *vokal* basa Jawi Enggal dados *vokal* tunggal. Tuladhanipun wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 1. Diftong Basa Jawi Enggal ingkang dados Vokal Tunggal

Jawi Kina	Jawi Enggal	Teges
<i>Rarai</i>	Lare	putra
<i>Gawai</i>	Gawe	kerja
<i>Tului</i>	Tuli	segera
<i>Apui</i>	Api	api
<i>Tamui</i>	Tamu	tamu

Saking *tabel* ing nginggil, *diftong* ai ewah dados *vokal* tunggal /e/. Tuladhanipun tembung *gawai* saking basa Jawi Kina dados tembung *gawe* saking basa Jawi Enggal.

b. *Konsonan*

Ewah-ewahanipun *konsonan* basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal nuwuhaken kaidah-kaidah kadosta ing ngandhap menika.

1. *Konsonan /h/* ing basa Jawi Kina ingkang mapan wonten ing sangajengipun tembung, wonten basa Jawi Enggal *konsonan /h/* menika dipunicalaken. Tuladhanipun inggih menika tembung **hayu** saking basa Jawi Kina, wonten ing basa Jawi Enggal *konsonan /h/* menika dipunicalaken dados tembung *ayu*.
2. *Konsonan /h/* ingkang mapan wonten ing antawisipun aksara *vokal* ingkang beda saged nuwuhaken 2 kaidah; inggih menika ; a) wonten ing basa Jawi Enggal *konsonan /h/* menika dipunicalaken. Tuladhanipun inggih menika tembung **pahit** saking basa Jawi Kina, wonten ing basa Jawi Enggal *konsonan /h/* menika dipunicalaken dados tembung *pait*. b) *Konsonan /h/* ingkang mapan wonten ing antawisipun aksara *vokal* ingkang beda dados *semivokal*. Tuladhanipun inggih menika tembung **tuha** saking basa Jawi Kina, wonten ing basa Jawi Enggal *konsonan /h/* menika dipunicalaken dados *semivokal /w/* dados tembung *tuwa*.
3. *Konsonan /h/* ingkang wonten ing antawisipun aksara *vokal* ingkang sami saged nuwuhaken kalih kaidah; inggih menika ; a) *konsonan* kasebut ajeg, tuladhanipun inggih menika tembung *tahan*. Tembung *tahan* saking basa Jawi Kina, wonten ing basa Jawi Enggal tembung *tahan* menika taksih ajeg, kajawi tembung *dhuwur*. Tembung **dhuwur** menika ewah-ewahan saking tembung **ruhur** wonten ing basa Jawi Kina. b) *Konsonan /h/* wonten ing basa Jawi Kina dipunicalaken lajeng *konsonan* saha *vokal* ingkang ngapit dipundadosaken satunggal. Tuladhanipun tembung **undhahagi** saking basa Jawi Kina, wonten ing basa Jawi Enggal dados tembung **andhagi**.
4. *Konsonan /h/* ingkang mapan wonten ing sakwingkingipun *konsonan* nasal, wonten ing basa Jawi Enggal *konsonan /h/* menika dipunicalaken.

Tuladhanipun inggih menika tembung *senghit* saking basa Jawi Kina. Wonten ing basa Jawi Enggal dados tembung *sengit*, ingkang gadhah teges pedes.

5. *Konsonan tak bersuara* wonten ing basa Jawi Kina ewah dados *konsonan bersuara* wonten ing Jawi Enggal. Tuladhanipun inggih menika tembung *turung* saking basa Jawi Kina. Wonten ing basa Jawi Enggal dados tembung *durung*.
6. *Konsonan /w/* basa Jawi Kina ingkang asalipun saking *konsonan /b/* Austronesia utawi Sansekerta ingkang mapan wonten ing sakngajengipun tembung, wonten ing basa Jawi Enggal *konsonan* menika ewah dados fonem */b/*. Tuladhanipun inggih menika tembung *uwah* saking basa Jawi Kina. Wonten ing basa Jawi Enggal dados tembung *obah*. Asalipun tembung menika saking basa Sansekerta *ubah*.
7. *Konsonan berturutan* wonten ing basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal *konsonan* menika ngalami *dissonansi*. *Dissonansi* inggih menika ewah-ewahaning swanten supados swanten menika boten dipunambali kaping kalih. Tuladhanipun tembung *rara* saking basa Jawi Kina. Wonten ing basa Jawi Enggal dados tembung *lara*.

C. Basa Jawi Kina

Basa Jawi Kina miturut Wedhawati, (2006:2) inggih menika basa ingkang dipunginakaken dening tiyang Jawi kirang langkung saking abad 8 Masehi dumugi 15 Masehi. Basa Jawi Kina saged dipunpangguhaken wonten ing naskah-naskah ingkang kasimpen wonten ing museum. Basa Jawi Kina kathah pikantuk daya pangaribawa saking basa Sansekerta (Gonda wonten ing Mardiwarsito saha

Kridalaksana, 1984 :21). Tegesipun inggih menika unsur-unsur basa wonten ing basa Jawi Kina menika kathah ingkang pikantuk daya pangaribawa saking basa Sansekerta, kadosta aksara, urutaning aksara, saha tetembungan ing basa Jawi Kina.

Aksara, urutaning aksara saha tetembungan basa Jawi Kina pikantuk daya pangaribawa saking basa Sansekerta. Tembung basa Jawi Kina ingkang asalipun saking basa Sansekerta cacahipun kirang langkung 45%.

Aksara basa Jawi Kina ingkang pikantuk daya pangaribawa saking basa sansekerta saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika. Miturut L. Mardiwarsito saha Kridalaksana (1984 :6-7) basa Jawi Kina gadhah *vokal*, *semi vokal*, kaliyan *konsonan*. Basa Jawi Kina gadhah aksara *vokal* (abjad urip) sedasa, inggih menika /a/, /ā/, /ɛ/, /e/, /ə/, /ō/, /i/, /î/, /o/, /u/, *semi vokal* sekawan, inggih menika /w/, /y/, /r/, /l/ saha aksara *konsonan* (*abjad mati*) tigang dasa inggih menika /b/, /bh/, /c/, /ch/, /d/, /ḍ/, /dh/, /ḍh/, /g/, /gh/, /h/, /j/, /jh/, /k/, /kh/, /m/, /n/, /ñ/, /ṅ/, /ng/, /p/, /ph/, /ṛ/, /s/, /ṣ/, /ś/, /t/, /ṭ/, /th/, /ṭh/.

Reroncening aksara basa Jawi Kina wonten ing nginggil saged dipuntingali wonten ing tuladha tembung-tembung ingkang badhe dipunandharaken. Tembung-tembung basa Jawi Kina ingkang dipunwiwiti saking aksara *vokal* menawi dipunserat mawi aksara latin gadhah tigang jinis panyeratanipun. Tuladhanipun panyeratan tembung kahanan mawi aksara latin. Jinisipun panyeratan tembung kahanan basa Jawi Kina miturut Mardiwarsito (1981:7) wonten tiga. Jinis panyeratan ingkang angka setunggal inggih menika tembung kahanan ingkang dipunwiwiti aksara *vokal* dipunserat menapa wontenipun. Tuladhanipun inggih menika tembung *adi*. Jinis panyeratan ingkang angka kalih inggih menika tembung

kahanan ingkang konsonan /h/ mapan wonten sakngajengipun aksara vokal. Tuladhanipun inggih menika tembung *hayu*. Jinis panyeratan ingkang angka tiga inggih menika gabungan antawisipun tata panyeratan tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang dipunwiwiti aksara *vokal* angka setunggal kaliyan angka kalih. Tuladhanipun inggih menika tembung *halep - alep*. Saking tigang tata panyeratan kalawau kedah dipungatosaken. Tembung kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal wonten ingkang wujud saha pangucapanipun meh sami, nanging tegesipun beda. Kadadeyan kados menika saged njalari wontenipun kalepatan. Tuladhanipun inggih menika tembung *ādi* kaliyan tembung *adi* utawi *adhi*.

Pangrembakaning basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal wonten *masa transisi*. Miturut Wedhawati (2006:8) *masa transisi* menika nuwuhaken basa Jawi Tengahan. Basa Jawi Tengahan inggih menika basa ingkang dipunginakaken abad 15 M. Basa Jawi Tengahan taksih dipunginakaken dening tiyang Bali wonten ing upacara agami. Buktinipun basa Jawi Tengahan menika wonten inggih menika dipunpanggihaken kidung-kidung ingkang ngangge basa Jawi Tengahan. Kidungipun inggih menika Kidung Harsawijaya, Kidung Sunda, Kidung Rangga Lawe, kaliyan Wangbang Wadeya. Masarakat samenika sampun boten ngginakaken basa Jawi Kina kaliyan basa Jawi Tengahan. Masarakat samenika ngginakaken basa Jawi Enggal kangge wicantenan ing padintenan.

D. Basa Jawi Enggal

Basa Jawi Enggal inggih menika basa Jawi ingkang dipunginakaken dening tiyang Jawi kirang langkung abad 16 Masehi dumugi samenika (Wedhawati, 2006:1). Basa Jawi Enggal menika pangrembakanipun saking basa Jawi Kina.

Pangrembakanipun basa Jawi Enggal menika sareng kaliyan gantosipun kabudayan Hindhu-Budha Jawi dados kabudayan Islam Jawi. Saengga basa Jawi Enggal menika kathah pikantuk daya pangaribawa saking basa Arab.

Basa Jawi Enggal menika basa ingkang dipunginakaken dening tiyang Jawi ingkang manggen wonten ing pulo Jawi. Kadosta wonten ing Daerah Istimewa Yogyakarta, Jawa Tengah kaliyan Jawa Timur. Panutur basa Jawi Enggal menika sumebar wonten ing daerah-daerah saksanesipun pulo Jawi, kadosta Lampung, Banten, Medan, Riau saha daerah-daerah ingkang dados daerah *transmigrasi*. Basa Jawi Enggal ugi sumebar wonten ing njawi rangkah kadosta ing Suriname, Belanda saha New Kaledonia (Wedhawati, 2005:13). Basa Jawi Enggal menika boten namung dipunginakaken dening tiyang Jawi ingkang manggen wonten ing pulo Jawi, ananging wonten ugi ing daerah-daerah saksanesipun saha ing njawi rangkah.

Aksara *vokal* basa Jawi Enggal menika wonten enem inggih menika /i/, /e/, /a/, /ə/, /u/ kaliyan /o/ (Wedhawati, 2006:65). Ananging wonten pamanggih sanes ngengingi *vokal* basa Jawi Enggal. Miturut Sasangka (wonten ing Mulyani, 2008:47), *vokal* basa Jawi Enggal menika wonten pitu, inggih menika /i/, /e/, /a/, /ə/, /u/, /o/ kaliyan /ɔ/. *Vokal* /a/ menika gadhah kalih *alofon*, inggih menika *vokal* /a/ kaliyan *vokal* /ɔ/. *Alofon* menika dipunandharaken dados kalih aksara ingkang beda.

Aksara *konsonan* basa Jawi Enggal miturut peran piranti micara saged dipunperang dados sedasa kelompok, inggih menika :

1. *konsonan bilabial* : /p/, /b/, /m/
2. *konsonan labio-dental* : /w/
3. *konsonan apiko-dental* : /t/. /d/

4. *konsonan apiko-alveolar* : /n/, /l/, /r/
5. *konsonan apiko-palatal* : /tʃ/, /dʃ/
6. *konsonan lamino-alveolar* : /s/
7. *konsonan medio-palatal* : /c/, /j/, /ñ/, /y/
8. *konsonan dorso-velar* : /k/, /g/, /ŋ/
9. *konsonan laringal* : /h/
10. *konsonan glottal stop* : /ʔ/

Reroncening aksara-aksara basa Jawi Enggal wonten ing nginggil saged dipundamel tembung-tembung menapa kemawon wonten ing basa Jawi Enggal. Tembung-tembung basa Jawi Enggal menika jinisipun maneka warna. Salah satunggal tembung ingkang wonten ing basa Jawi Enggal inggih menika tembung kahanan. Kangge nemtokaken menawi salah setunggal tembung menika kalebet tembung kahanan wonten titikanipun inggih menika saking *morfemis* saha *sintaksis*. Tuladhanipun saking titikan *morfemis* inggih menika tembung *abing* ingkang gadhah teges ‘abang banget’, lajeng tuladhanipun titikan *sintaksis* inggih menika dipunparingi tembung rada wonten ing ngajenging tembung kahanan kaliyan tembung dhewe, paling, luwih, saha banget wonten ing wingkingipun tembung kahanan. Tuladhanipun inggih menika tembung *alus banget*. Tembung alus kalebet tembung kahanan.

E. Tembung Kahanan

Miturut Antunshono, (1953:50), ingkang dipunwastani tembung kahanan (watak) inggih menika sedaya tembung ingkang ngandharaken ngengingi kadospundi kahanan (watakipun) barang. Tuladhanipun inggih menika kembang

abang, omahe gedhe, bocah nakal. Tembung abang, gedhe, saha nakal menika ingkang dipunsebat tembung kahanan. Tembung kahanan wonten ing basa Jawi papanipun wonten ing wingkingipun tembung aran ingkang dipunterangaken. Ananging boten sedaya tembung kahanan wonten ing wingkingipun tembung aran, gumantung saking papanipun wonten ing ukara saha tembung menapa ingkang dipunterangaken.

Tembung kahanan menika dipuntemtokaken dening watak *semantis* saha persepsinipun tiyang anggenipun ngandharaken watak utawi sipat barang. Titikanipun tembung kahanan kadosta ing ngandhap menika :

1. dipunrangkep saha dipunwuwuhi ater-ater sa- utawi sak- saha panambang –e utawi –ne. Tuladhanipun tembung *sabunder-bundere*, tembung *bunder* menika kalebet tembung kahanan.
2. dipunsambet kaliyan tembung rada, paling, utawi luwih. Tuladhanipun inggih menika *paling sregep*. Tembung *sregep* kalebet tembung kahanan. Tembung *sregep* menika ngandharaken sipatipun tiyang ingkang taberi, mepeng saha tlatos.
3. saged dipungandheng kaliyan tembung banget. Tuladhanipun inggih menika *adhem banget*. Tembung *adhem* kalebet tembung kahanan. Tembung *adhem* menika ngandharaken kahanan ingkang anyep utawi boten benter.

F. Nalaring Panaliten

Linguistik Historis Komparatif inggih menika salah satunggaling cabang ngelmu basa ingkang ngandharaken basa kaliyan ewah-ewahaning unsur basa wonten ing salah satunggaling wekdal. Ewah-ewahaning unsur basa menika

dipunpadosi mawi cara nandhingaken. Caranipun nandhingaken ewah-ewahaning unsur-unsur basa menika kanthi cara *komparatif*. Salah satunggal basa ingkang saged dipuntliti wonten ing *Linguistik Historis Komparatif* inggih menika basa Jawi.

Basa Jawi Enggal menika pangrembakanipun saking basa Jawi Kina. Awit saking menika menawi dipuntingali saking panganggening basa, dipunpanggihaken tembung-tembung basa Jawi Enggal ingkang wujud saha tegesipun sami kaliyan basa Jawi Kina. Ananging wonten tembung-tembung ingkang ewah wujud saha tegesipun. Ewah-ewahaning basa Jawi Kina dados basa Jawi Enggal menika wonten ing struktur, tembung saha teges.

Tembung-tembung ingkang wonten ing basa Jawi Enggal saha basa Jawi Kina menika maneka warna jinisipun. Salah satunggal tembung ingkang wonten ing basa Jawi Enggal kaliyan Jawi Kina inggih menika tembung kahanan. Tembung kahanan inggih menika sedaya tembung ingkang mratelakaken kahanan utawi sipatipun salah satunggaling bab utawi mratelakaken sipatipun barang (Sasangka, 1989:86).

Ewah-ewahaning tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina menika wonten ing wujud saha teges. Dipunpanggihaken tigang kasus wonten ing ewah-ewahanipun tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina. Kasus ingkang angka setunggal inggih menika panganggening tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina ingkang wujud kaliyan tegesipun sami. Kasus ingkang angka kalih inggih menika panganggening tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina ingkang wujudipun sami ananging tegesipun beda. Lajeng ingkang pungkasan inggih menika panganggening tembung kahanan

basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina ingkang wujudipun beda nanging tegesipun sami.

G. Panaliten ingkang Jumbuh

Ima Uswatun, nindakaken panaliten wonten ing taun 2011 awujud skripsi S1 wonten ing jurusan Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta kanthi irah-irahan “*Analisis Morfosemantik Bahasa Jawa Kuna dalam Naskah Çakuntala*”. Wosing panaliten wonten ing panaliten inggih menika *analisis morfosemantik* basa Jawi Kina wonten naskah çakuntala. Objek panaliten inggih menika tembung basa Jawi Kina wonten ing naskah çakuntala. Subjek panaliten inggih menika naskah çakuntala. Panaliten menika relevan kaliyan panaliten ingkang badhe katindakaken amargi sami-sami ngandharaken babagan basa Jawi Kina. Bedanipun panaliten menika kaliyan panaliten ingkang badhe katindakaken inggih menika wonten ing subjek kaliyan objekipun. Subjek panaliten kula inggih menika Baoesastra Djawa kaliyan kamus Jawa Kuna-Indonesia. Objek panaliten ingkang badhe katindakaken inggih menika pangrembakanipun tembung-tembung kahanan Basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal adhedhasar Baoesastra Djawa kaliyan kamus Jawa Kuna-Indonesia.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* inggih menika cara panaliten kanthi ngandharaken objek menapa wontenipun. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Sudaryanto (1988: 62) bilih panaliten deskriptif inggih menika panaliten ingkang kalampahan kanthi dhasar kadadosan ingkang menapa wontenipun. Ing panaliten menika gadhah ancas ngandharaken ewah-ewahaning tembung kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal. Panaliten *deskriptif* ugi gadhah ancas saged mangertosi objek kajianipun, wonten ing ngriki objek kajianipun inggih menika tembung kahanan basa Jawi Kina kaliyan tembung kahanan basa Jawi Enggal.

B. Data lan Sumbering Data

Data panaliten menika awujud tembung, mliginipun tembung kahanan basa Jawi Kina kaliyan tembung kahanan basa Jawi Enggal. Sumbering *data* panaliten menika tembung kahanan basa Jawi Kina saking kamus Jawa Kuna-Indonesia anggitanipun L. Mardiarsito ingkang prawacanipun ngangge basa Jawi ejaan basa Indonesia, kaliyan tembung kahanan basa Jawi Enggal saking Baoesastra Djawa anggitanipun W.J.S Poerwadarminto ingkang prawacanipun ngangge basa Jawi Ejaan soewandi.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* wonten ing panaliten inggih menika *teknik baca-catat*. Cara maos dipunginakaken kangge

madosi tembung-tembung kahanan wonten ing Kamus Baoesastra Djawa kaliyan Kamus Jawi Kuno-Indonesia. Saksampunipun manggihaken tembung kahanan basa Jawi Kina kaliyan tembung kahanan basa Jawi Enggal, tembung kalawau dipuntandhingaken kangge manggihaken wujud saha teges. Saksampunipun dipuntandhingaken, tembung kahanan kalawau dipunserat wonten ing kertu *data*.

Cara nyerat dipunginakaken damel ngempalaken *data* wonten ing panaliten. *Data* ingkang dipunpundhut kalebet *data valid* amargi sampun jumbuh kaliyan *data* saha sumbering *data*. Tahap menika dipunwastani tahap nyerat. Tembung-tembung kahanan ingkang sampun dipunserat wonten ing kertu *data* salajengipun dipunperang saha dipunrembag. Wujudipun kertu *data* saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

Sumber

Basa Jawi Kina : Kamus Jawa Kuno-Indonesia(L. Mardiwarsito, 1981:267) KB

Basa Jawi Enggal : Baoesastra Djawa (Poerwadarminta, 1939:187) KB

Tabel. 2 Kertu Data Tembung Kahanan Basa Jawi Kina wonten ing Basa Jawi Enggal

<i>Data</i>	Basa Jawi Kina	Basa Jawi Enggal	Katrangan
Tembung kahanan	hayu	ajoe	beda
Teges	becik	betjik	sami
Ewah-ewahaning teges	-		
Ewah-ewahaning wujud	Ewahipun wujud inggih menika icalipun konsonan /h/ wonten ing basa Jawi Enggal		

D. Pirantining Panaliten

Instrumen panaliten inggih menika sarana ingkang dipunginakaken damel ngempalaken *data*. Piranti ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih menika panaliti, kanthi menapa ingkang dipunmangertosi panaliti saged ngompokaken tembung-tembung ingkang wujud utawi tegesipun beda antawisipun basa Jawi Kina kaliyan basa Jawi Enggal. *Instrumen* menika dipunbiyantu kaliyan buku catat saha kertu *data*. Buku catat dipunginakaken damel ngempalaken *data* saking Baoesastra kaliyan Kamus Jawa Kuno-Indonesia. Kertu *data* dipunginakaken supados langkung gampil anggenipun nganalisis saha ngecek *data* panaliten. Isinipun kertu *data* kadosdene ing ngandhap menika.

Tabel 3. Tabel Analisis Data Tembung Kahanan Basa Jawi Kina kaliyan Tembung Kahanan Basa Jawi Enggal

No.	Dhata				Teges		Wujud		Kat.
	Basa Jawi Kina		Basa Jawi Enggal		Sa	Be	Sa	Be	
	Tembung	Teges	Tembung	teges	mi	da	mi	da	
1.	adhi	becik	Adi	betjik	√			√	adhi → adi ewahipun konsonan dh → d

E. Caranipun Nganalisis Dhata

Caranipun nganalisis dhata ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika :

1. *kategorisasi*, inggih menika ngompokaken *data* adhedhasar kategori panaliten ingkang jumbuh kaliyan wosing perkawis. *Data* menika awujud tembung-

tembung kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal. Tembung-tembung kahanan ingkang wonten ing kertu *data* dipunklompokaken adhedhasar wujud saha teges ingkang sami antawisipun basa Jawi Kina kaliyan basa Jawi Enggal, wujud tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang sami kaliyan basa Jawi Enggal nanging tegesipun beda, wujud tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang beda kaliyan basa Jawi Enggal nanging tegesipun beda, ewah-ewahaning wujud tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal, saha ewah-ewahaning teges basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal.

2. *tabulasi*, inggih menika *data* ingkang sampun dipunpanggihaken dipunlebetaken wonten ing *tabel*.
3. asiling analisis *data* panaliten menika dipunandharaken kanthi cara *data* ingkang sampun kadamel dudutanipun. Adhedhasar menika saged mangertos dudutanipun inggih menika ewah-ewahaning tembung kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal.

F. Validitas saha Reliabilitas

Validitas ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika *validitas triangulasi teori*. *Validitas triangulasi teori* miturut Lincoln saha Guba wonten ing Moleong (2011:331) inggih menika anggenipun nлити *validitas* dhata wonten satunggal teori. Dhata ingkang sampun pikantuk dipuntliti malih wonten ing sumber sanesipun. Ancasipun dipuntliti malih kangge nandhingaken *data* menika kaliyan sumber sanesipun supados boten wonten *subjektifitas*. Tuladhanipun inggih menika tembung *ayu*. Tembung *ayu* wonten ing kamus Baoesastra Djawa tegesipun betjik. Tembung ingkang gadhah teges sami kaliyan

tembung *ayu* inggih menika tembung *hayu*. Tembung *hayu* wonten ing kamus Jawa Kuno-Indonesia ugi gadhah teges becik. Menawi dipuntingali saking babagan *fonologi* basa Jawi, tembung kekalih menika beda. Bedanipun inggih menika wonten ing basa Jawi Enggal *konsonan /h/* ing sakngajengipun tembung dipunlesapaken. Saking andharan tembung *ayu* wonten ing nginggil, saged kadamel dhudhutan inggih menika tembung *ayu* wonten ing basa Jawi Enggal gadhah teges sami kaliyan tembung *hayu* wonten ing Jawi Kina.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* inggih menika *reliabilitas* ingkang gadhah sipat ajeg. Miturut Bungin, (2010:58), *reliabilitas stabilitas* inggih menika *reliabilitas* ingkang dipunginakaken menawi dhata menika dipuntliti malih utawi dipunambali anggenipun manggihaken dhata, dhata menika gadhah hasil ingkang sami. Tuladhanipun inggih menika tembung *takoet*. Tembung *takoet* wonten ing Baoesastra Djawa tegesipun ajrih, wonten ing kamus Jawa Kuno-Indonesia tegesipun sami inggih menika ajrih. Tembung *takoet* menawi dipunpadosi wonten ing kamus Jawa Kuno-Indonesia utawi Baoesastra Djawa tembung menika wujud kaliyan tegesipun gadhah sipat ajeg boten wonten ingkang ewah.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Wonten ing panaliten ngengingi tembung kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal adhedhasar kamus Jawa Kuno-Indonesia anggitanipun L. Mardiwarsito saha kamus Baoesastra Djawa anggitanipun W.J.S Poerwadarminto dipunpangguhaken ewah-ewahaning basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal. Ewah-ewahaning menika saged dipuntingali wonten tabel ing ngandhap menika.

Tabel 4. Tabel Tembung Kahanan Basa Jawi Kina wonten ing Basa Jawi Enggal Adhedhasar Wujud saha Teges

No. 1	Wujud 2	Teges 3	Indikator 4
1.	sami	sami	glis ‘rikat’ → glis ‘rikat’ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal takut ‘wedi’ → takoet ‘wedi’ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
2.	sami	beda	dama ‘tresna’ → dama ‘boḍo’ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal atimoha → atimoha ‘ora tentrem’ ‘oemoek banget’ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
3.	beda a. <i>vokal</i> → <i>vokal</i> - ā → a - ä → a	sami	anggakāra ‘kendel’ → anggakara ‘kendel’ ā → a Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal äsa ‘sedhih’ → asa ‘sedih’ ä → a Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal

Tabel salajengipun

1	2	3	4
	- â → a		durâcâra 'durjana' → doeratjara 'doerdjana' â → a Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- a → e		ahangkâra 'angkara' → ahengkara 'angkara' a → e Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- e → a		bĕger → begar 'bungah banget' → 'boengah banget' e → a Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- ĩ → i		hĭna 'nistha' → hina 'ništa' ĭ → i Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- ĩ̇ → i		pĭta 'kuning' → pita 'koening' ĭ̇ → i Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- ö → e		adĕmöng 'ireng' → demeng 'ireng' ö → e Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- ô → o		mahôcca → mahoca dhuwur banget → doewoer banget ô → o Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- o → oe		krora 'galak' → kroera 'galak' o → oe Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- ū → oe		arŭm 'wangi' → aroem 'wangi' ŭ → oe Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal

Tabel salajengipun

1	2	3	4
	<p>- ù → oe</p> <p>b. <i>Konsonan</i> → <i>konsonan</i></p> <p>- bh → b</p> <p>- d → ḍ</p> <p>- ḍ → d</p> <p>- dh → d</p> <p>- dh → ḍ</p> <p>- gh → g</p> <p>- j → g</p> <p>- ḥ → h</p>		<p>mūrka 'bodho' → moerka 'boḍo'</p> <p>ù → oe</p> <p>Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal</p> <p>bhakti 'bekti' → bakti 'bekti'</p> <p>bh → b</p> <p>Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal</p> <p>duṣṭa 'ala' → ḍoesta 'ala'</p> <p>d → ḍ</p> <p>Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal</p> <p>guraḡaḍa' diksura' → goeragaḍa' diksoera'</p> <p>ḍ → d</p> <p>Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal</p> <p>adhi 'becik' → adi 'betjik'</p> <p>dh → d</p> <p>Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal</p> <p>dhyakṣa 'pinter' → ḍyaksa 'pinter'</p> <p>dh → ḍ</p> <p>Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal</p> <p>dīrgha 'dawa' → dirga 'dawa'</p> <p>gh → g</p> <p>Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal</p> <p>adhiwija → adiwignja</p> <p>'pinter banget' 'pinter banget</p> <p>j → g</p> <p>Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal</p> <p>duḥka 'sedhih' → duhka 'seḍih'</p> <p>ḥ → h</p> <p>Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
	- ṅ → n		jarnṅih 'bening' → djarnih 'bening' ṅ → n Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- ṅñ → n		sañcūrṅña 'rusak' → santjoerna 'roesak' ṅñ → n Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- ś → s		darśana 'teladan' → darsana 'toeladan' ś → s Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- ṣ → s		dakṣa 'pinter' → daksa 'pinter' ṣ → s Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- t → ṭ		sutuṣṭa → soeṭoesta 'bungah banget' 'boengah banget' t → ṭ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- th → t		swastha 'rahayu' → swasta 'rahajoe' th → t Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- ṭh → t		lobhiṣṭha → lobisṭa 'murka banget' moerka banget ṭh → t Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	c. Icalipun konsonan		
	- c		mahocca → mahotja 'dhuwur banget' 'dhoewoer banget' Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- dh		buddhimān 'pinter' → boediman 'pinter' Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal

Tabel salajengipun

1	2	3	4
	- h		hayu ‘becik’ → ajoe ‘betjik’ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- j		lajja ‘isin’ → ladja ‘isin’ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	- t		uttama ‘becik’ → oetama ‘betjik’ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	d. icalipun vokal i		atiyasa ‘begja’ → atyasa ‘begdja’ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	e. tambahing vokal a		smara ‘tresna’ → asmara ‘tresna’ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal
	f. tambahing wanda wa		ardhalepa → ardawalèpa ‘kurang ajar’ ‘koerang adjar’ Basa Jawi Kina Basa Jawi Enggal

Adhedhasar *tabel* nginggil, tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal wonten tigang kategori. Kategoripun inggih menika wujud sami saha teges sami, wujudi sami ananging gadhah teges beda, kaliyan wujudipun beda ananging tegesipun sami. Tembung kahanan ingkang wujudipun beda amargi ewahing wujud tembung kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal. Ewah-ewahaning wujud tembung kahanan basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal saged dipuntingali saking ewahing *vokal*, ewahing *konsonan*, icalipun *konsonan*, tambahing *vokal* kaliyan tambahing wanda. Ewah-ewahaning teges tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal saged dipuntingali saking ewahing jinis tembung kahanan kalawau.

B. Pirembagan

Wonten ing pirembagan menika badhe kaandharaken ngengingi tembung kahanan basa Jawi kina ing basa Jawi Enggal. Supados langkung cetha saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

1. Wujud sami

Ewah-ewahaning tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal ingkang wujudipun sami dipunperang dados kalih, inggih menika tembung kahanan basa Jawi Kina ingkang wujud kaliyan tegesipun sami, kaliyan tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal ingkang wujud sami ananging gadhah teges beda. Langkung cetha badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Wujud sami saha teges sami

Tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal ingkang wujud saha tegesipun sami badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1). Basa Jawi Kina : *takut* ‘wedi’ (Mardiwarsito, 1981:575) KB

Basa Jawi Enggal : *takoet* ‘wedi’ (Poerwadarminta, 1939:586) KB

Tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina ingkang wujud saha tegesipun sami saged keningal wonten ing tembung *takoet*. Tembung *takoet* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:586) tegesipun ajrih, dene wonten ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:575) tegesipun sami inggih menika ajrih. Saking andharan ing nginggil saged kapendhet dudutanipun inggih menika tembung *takoet* basa Jawi Enggal gadhah wujud saha teges ingkang sami kaliyan tembung *takut* basa Jawi Kina.

2). Basa Jawi Kina : *glis* ‘rikat’ (Mardiwarsito, 1981:194) KB

Basa Jawi Enggal : *glis* ‘rikat’ (Poerwadarminta, 1939:151) KB

Tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina ingkang wujud saha tegesipun sami saged ketinggal wonten ing tembung *glis*. Tembung *glis* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:151) tegesipun rikat, dene wonten ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:194) tegesipun sami inggih menika rikat. Saking andharan ing nginggil saged kapendhet dudutanipun inggih menika tembung *glis* basa Jawi Enggal gadhah wujud saha teges ingkang sami kaliyan tembung *glis* basa Jawi Kina. Tembung kekalih kalawau wujud saha tegesipun sami, boten ngalami ewah-ewahan saking basa indukipun.

b. Wujud sami ananging teges beda

Tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal menawi dipuntingali wonten ing babagan wujud saha teges, wonten ingkang wujud saha tegesipun sami. Ananging wonten ingkang wujudipun sami tegesipun beda. Tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal ingkang wujudipun sami ananging tegesipun beda badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1). Basa Jawi Kina : *dama* ‘tresna’ (Mardiwarsito, 1981:147) KA

Basa Jawi Enggal : *dama* ‘boḍo’ (Poerwadarminta, 1939:64) KA

Tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina ingkang wujudipun sami nanging tegesipun beda saged dipuntingali ing tembung *dama*. Tembung *dama* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:64) tegesipun inggih menika boḍo. Ananging tembung *dama* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:147) gadhah teges tresna. Tembung kekalih menika menawi dipuntingali

saking jinising tembung, kalebet tembung kahanan. Menawi dipunruntutaken saking babagan teges, tegesipun tembung *dama* basa Jawi Kina wonten gegayutanipun kaliyan tegesipun tembung *dama* basa Jawi Enggal inggih menika tiyang ingkang taksih nandhang asmara menika saking tresnanipun kaliyan tiyang sanes, kalamangsanipun saged nindakaken ingkang tanpa nalar. Sipat tanpa nalar menika sipatipun tiyang bodho.

2). Basa Jawi Kina : *atimoha* ‘ora tentrem’ (Mardiwarsito, 1981:93) KB

Basa Jawi Enggal : *atimoha* ‘oemoek banget’ (Poerwadarminta, 1939:21) KB

Tembung kahanan basa Jawi Enggal saking basa Jawi Kina ingkang wujudipun sami nanging tegesipun beda saged dipuntingali ing tembung *kapila*. Tembung *atimoha* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:21) tegesipun inggih menika oemoek banget. Ananging tembung *atimoha* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:93) gadhah teges ora tentrem. Tembung kekalih menika menawi dipuntingali saking jinising tembung, kalebet tembung kahanan. Menawi dipunruntutaken saking babagan teges, tegesipun tembung *atimoha* basa Jawi Kina wonten gegayutanipun kaliyan tegesipun tembung *atimoha* basa Jawi Enggal inggih menika tiyang ingkang gadhah sipat umuk menika saged njalari manahipun boten tentrem. Tembung kekalih menika wujudipun sami ananging tegesipun beda amargi pikantuk daya pangaribawa saking *faktor internal* saha *faktor eksternal* basa. *Faktor internal*ipun inggih menika tembung menika dipunturunaken saking basa indukipun. Menawi *faktor eksternal*ipun inggih menika dipunnjalari wontenipun *kontak* basa kaliyan basa sanesipun.

2. Wujud beda ananging teges sami

Tembung kahanan basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal wonten ingkang wujudipun beda ananging tegesipun sami Ewah-ewahaning wujud basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal langkung cetha badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Ewahipun *vokal dados vokal*

1). Ewahipun aksara ā dados a

a). Basa Jawi Kina : *anggakāra* ‘kendel’ (Mardiwarsito, 1981:57) KA

Basa Jawi Enggal : *anggakara* ‘kendel’ (Poerwadarminta, 1939:14) KB

Ewahaning aksara ā dados aksara a saged dipuntingali saking ewahing tembung *anggakāra* ing basa Jawi Kina dados tembung *anggakara* ing basa Jawi Enggal. Tembung *anggakāra* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:57) tegesipun kendel. Ing basa Jawi Enggal *anggakara* (Poerwadarminta, 1939:14) ugi sami gadhah teges kendel. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *anggakāra* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *anggakara*. Bedanipun inggih menika aksara ā wonten ing tembung *anggakāra* ewah dados aksara a wonten ing tembung *anggakara*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun inggih menika tembung *anggakāra* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging gadhah teges sami kaliyan tembung *anggakara* wonten ing basa Jawi Enggal.

b). Basa Jawi Kina : *gēlāna* ‘sedhah’ (Mardiwarsito, 1981:189) KA

Basa Jawi Enggal : *gelana* ‘sedhah’ (Poerwadarminta, 1939:140) KB

Ewahaning aksara ā dados aksara a saged dipuntingali saking ewahing tembung *gēlāna* ing basa Jawi Kina dados tembung *gelana* ing basa Jawi Enggal. Tembung *gēlāna* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:189) tegesipun sedhah. Ing basa Jawi Enggal *gelana* (Poerwadarminta, 1939:140) ugi sami gadhah teges sedhah. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *gēlāna* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *gelana*. Bedanipun inggih menika aksara ā wonten ing tembung *gēlāna* ewah dados aksara a wonten ing tembung *gelana*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun inggih menika tembung *gēlāna* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging gadhah teges sami kaliyan tembung *gelana* wonten ing basa Jawi Enggal.

2). Ewahipun aksara ă dados a

a). Basa Jawi Kina : *ăsa* ‘sedhah’ (Mardiwarsito, 1981:79) KB

Basa Jawi Enggal : *asa* ‘sedhah’ (Poerwadarminta, 1939:19) KB

Ewahaning aksara ă dados aksara a saged dipuntingali saking ewahing tembung *ăsa* ing basa Jawi Kina dados tembung *asa* ing basa Jawi Enggal. Tembung *ăsa* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:57) tegesipun sedhah. Ing basa Jawi Enggal *asa* (Poerwadarminta, 1939:14) ugi sami gadhah teges sedhah. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *ăsa* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *asa*. Bedanipun inggih menika aksara ă wonten ing tembung *ăsa* ewah dados aksara a wonten ing tembung *asa*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *ăsa* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging gadhah teges sami kaliyan tembung *asa* wonten ing basa Jawi Enggal.

b). Basa Jawi Kina : *sǎri* ‘éndah’ (Mardiwarsito, 1981:513) KB

Basa Jawi Enggal : *sari* ‘éndah’ (Poerwadarminta, 1939:546) KB

Ewahaning aksara ǎ dados aksara a saged dipuntingali saking ewahing tembung *sǎri* ing basa Jawi Kina dados tembung *sari* ing basa Jawi Enggal. Tembung *sǎri* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:513) tegesipun éndah. Ing basa Jawi Enggal *sari* (Poerwadarminta, 1939:546) ugi sami gadhah teges éndah. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *sǎri* dipunpanggihaken beda kaliyan tembung *sari*. Bedanipun inggih menika aksara ǎ wonten ing tembung *sǎri* ewah dados aksara a wonten ing tembung *sari*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *sǎri* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging gadhah teges sami kaliyan tembung *sari* wonten ing basa Jawi Enggal.

3). Ewahipun aksara â dados a

a). Basa Jawi Kina : *durâcāra* ‘durjana’ (Mardiwarsito, 1981:161) KB

Basa Jawi Enggal : *doeratjara* ‘doerdjana’ (Poerwadarminta, 1939:72)

KB

Ewahaning aksara â dados aksara a saged dipuntingali saking ewahing tembung *durâcāra* ing basa Jawi Kina dados tembung *doeratjara* ing basa Jawi Enggal. Tembung *durâcāra* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:161) tegesipun durjana. Ing basa Jawi Enggal *doeratjara* (Poerwadarminta, 1939:72) ugi sami gadhah teges doerdjana. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *durâcāra* dipunpanggihaken beda kaliyan tembung *doeratjara*. Bedanipun inggih menika aksara â wonten ing tembung *durâcāra* ewah dados

aksara a wonten ing tembung *doeratjara*. Boten namung aksara â mawon ingkang ewah ananging ugi aksara ā. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *durâcāra* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *doeratjara* wonten ing basa Jawi Enggal.

b). Basa Jawi Kina: *mahâbhirāma* ‘ayu banget’ (Mardiwarsito, 1981:332) KB

Basa Jawi Enggal : *mahabirama* ‘ajoe banget’ (Poerwadarminta, 1939:286)

KA

Ewahaning aksara â dados aksara a saged dipuntingali saking ewahing tembung *mahâbhirāma* ing basa Jawi Kina dados tembung *mahabirama* ing basa Jawi Enggal. Tembung *mahâbhirāma* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:332) tegesipun ayu banget. Ing basa Jawi Enggal *mahabirama* (Poerwadarminta, 1939:286) ugi sami gadhah teges ajoe banget. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *mahâbhirāma* dipunpanggihaken beda kaliyan tembung *mahabirama*. Bedanipun inggih menika aksara â wonten ing tembung *mahâbhirāma* ewah dados aksara a wonten ing tembung *mahabirama*. Boten namung aksara â mawon ingkang ewah ananging ugi aksara ā kaliyan bh. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *mahâbhirāma* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *mahabirama* wonten ing basa Jawi Enggal.

4). Ewahipun aksara a dados e

- a). Basa Jawi Kina : *ahangkāra* ‘angkara’ (Mardiwarsito, 1981:14) KB
 Basa Jawi Enggal : *ahengkara* ‘angkara’ (Poerwadarminta, 1939:4) KB

Ewahaning aksara a dados aksara e saged dipuntingali saking ewahing tembung *ahangkāra* ing basa Jawi Kina dados tembung *ahengkara* ing basa Jawi Enggal. Tembung *ahangkāra* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:14) tegesipun angkara. Ing basa Jawi Enggal *ahengkara* (Poerwadarminta, 1939:4) ugi sami gadhah teges angkara. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *ahangkāra* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *ahengkara*. Bedanipun inggih menika aksara a wonten ing tembung *ahangkāra* ewah dados aksara e wonten ing tembung *ahengkara*. Boten namung aksara a mawon ingkang ewah ananging ugi aksara ā. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *ahangkāra* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *ahengkara* wonten ing basa Jawi Enggal.

5). Ewahipun aksara e dados a

- a). Basa Jawi Kina : *bĕger* ‘bungah banget’ (Mardiwarsito, 1981:113) KB
 Basa Jawi Enggal : *begar* ‘boengah banget’ (Poerwadarminta, 1939:38)KA

Ewahaning aksara e dados aksara a saged dipuntingali saking ewahing tembung *bĕger* ing basa Jawi Kina dados tembung *begar* ing basa Jawi Enggal. Tembung *bĕger* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:113) tegesipun bungah banget. Ing basa Jawi Enggal *begar* (Poerwadarminta, 1939:38) ugi sami gadhah teges boengah banget. Menawi dipuntingali saking babagan

wujud, tembung *bĕger* dipunpanggihaken beda kaliyan tembung *begar*. Bedanipun inggih menika aksara e wonten ing tembung *bĕger* ewah dados aksara a wonten ing tembung *begar*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *bĕger* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *begar* wonten ing basa Jawi Enggal.

6). Ewahipun aksara ī dados i

a). Basa Jawi Kina : *gabĥtra* ‘bungah’ (Mardiwarsito, 1981:181) KA

Basa Jawi Enggal : *gabira* ‘boengah’ (Poerwadarminta, 1939:126) KA

Ewahaning aksara ī dados aksara i saged dipuntingali saking ewahing tembung *gabĥtra* ing basa Jawi Kina dados tembung *gabira* ing basa Jawi Enggal. Tembung *gabĥtra* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:181) tegesipun bungah. Ing basa Jawi Enggal *gabira* (Poerwadarminta, 1939:126) ugi sami gadhah teges boengah. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *gabĥtra* dipunpanggihaken beda kaliyan tembung *gabira*. Bedanipun inggih menika aksara ī wonten ing tembung *gabĥtra* ewah dados aksara i wonten ing tembung *gabira*. Boten namung aksara ī mawon inggah ewah ananging ugi aksara bh. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *gabĥtra* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *gabira* wonten ing basa Jawi Enggal.

b). Basa Jawi Kina : *hĥna* ‘nistha’ (Mardiwarsito, 1981:222) KA

Basa Jawi Enggal : *hina* ‘niṣṭa’ (Poerwadarminta, 1939:166) KB

Ewahaning aksara ĩ dados aksara i saged dipuntingali saking ewahing tembung *hĭna* ing basa Jawi Kina dados tembung *hina* ing basa Jawi Enggal. Tembung *hĭna* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:222) tegesipun nistha. Ing basa Jawi Enggal *hina* (Poerwadarminta, 1939:166) ugi sami gadhah teges nistha. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *hĭna* dipunpanggihaken beda kaliyan tembung *hina*. Bedanipun inggih menika aksara ĩ wonten ing tembung *hĭna* ewah dados aksara i wonten ing tembung *hina*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *hĭna* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *hina* wonten ing basa Jawi Enggal.

7). Ewahipun aksara ĩ dados i

a). Basa Jawi Kina : *pĭta* ‘kuning’ (Mardiwarsito, 1981:427) KA

Basa Jawi Enggal : *pita* ‘koning’ (Poerwadarminta, 1939:494) KA

Ewahaning aksara ĩ dados aksara i saged dipuntingali saking ewahing tembung *pĭta* ing basa Jawi Kina dados tembung *pita* ing basa Jawi Enggal. Tembung *pĭta* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:427) tegesipun kuning. Ing basa Jawi Enggal *pita* (Poerwadarminta, 1939:494) ugi sami gadhah teges koning. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *pĭta* dipunpanggihaken beda kaliyan tembung *pita*. Bedanipun inggih menika aksara ĩ wonten ing tembung *pĭta* ewah dados aksara i wonten ing tembung *pita*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *pĭta* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *pita* wonten ing basa Jawi Enggal.

8). Ewahipun aksara ö dados e

a). Basa Jawi Kina : *adēmōng* ‘ireng’ (Mardiwarsito, 1981:154) KA

Basa Jawi Enggal : *demeng* ‘ireng’ (Poerwadarminta, 1939:67) KB

Ewahaning aksara ö dados aksara e saged dipuntingali saking ewahing tembung *adēmōng* ing basa Jawi Kina dados tembung *demeng* ing basa Jawi Enggal. Tembung *adēmōng* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:154) tegesipun ireng. Ing basa Jawi Enggal *demeng* (Poerwadarminta, 1939:67) ugi sami gadhah teges ireng. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *adēmōng* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *demeng*. Bedanipun inggih menika aksara ö wonten ing tembung *adēmōng* ewah dados aksara e wonten ing tembung *demeng*. Boten namung aksara ö mawon ingkang ewah ananging wonten icalipun aksara a. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *adēmōng* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *demeng* wonten ing basa Jawi Enggal.

9). Ewahipun aksara ô dados o

a). Basa Jawi Kina : *mahôcca* ‘dhuwur banget’ (Mardiwarsito, 1981:336) KA

Basa Jawi Enggal : *mahotja* ‘doewoer banget’ (Poerwadarminta, 1939:286) KB

Ewahaning aksara ô dados aksara o saged dipuntingali saking ewahing tembung *mahôcca* ing basa Jawi Kina dados tembung *mahotja* ing basa Jawi Enggal. Tembung *mahôcca* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:336) tegesipun dhuwur banget. Ing basa Jawi Enggal *mahotja* (Poerwadarminta,

1939:286) ugi sami gadhah teges *doewoer* banget. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *mahôcca* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *mahotja*. Bedanipun inggih menika aksara ô wonten ing tembung *mahôcca* ewah dados aksara o wonten ing tembung *mahotja*. Boten namung aksara ô mawon ingkang ewah ananging wonten icalipun aksara c. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *mahôcca* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *mahotja* wonten ing basa Jawi Enggal.

10). Ewahipun aksara o dados oe

a). Basa Jawi Kina : *krora* ‘galak’ (Mardiwarsito, 1981:290) KA

Basa Jawi Enggal : *kroera* ‘galak’ (Poerwadarminta, 1939:252) KB

Ewahaning aksara o dados aksara oe saged dipuntingali saking ewahing tembung *krora* ing basa Jawi Kina dados tembung *kroera* ing basa Jawi Enggal. Tembung *krora* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:290) tegesipun galak. Ing basa Jawi Enggal *kroera* (Poerwadarminta, 1939:252) ugi sami gadhah teges galak. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *krora* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *kroera*. Bedanipun inggih menika aksara o wonten ing tembung *krora* ewah dados aksara oe wonten ing tembung *kroera*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *krora* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *kroera* wonten ing basa Jawi Enggal.

11). Ewahipun aksara ū dados oe

a). Basa Jawi Kina : *arūm* ‘manis’ (Mardiwarsito, 1981:78) KA

Basa Jawi Enggal : *aroem* ‘manis’ (Poerwadarminta, 1939:19) KB

Ewahaning aksara ū dados aksara oe saged dipuntingali saking ewahing tembung *arūm* ing basa Jawi Kina dados tembung *aroem* ing basa Jawi Enggal. Tembung *arūm* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:78) tegesipun manis. Ing basa Jawi Enggal *aroem* (Poerwadarminta, 1939:19) ugi sami gadhah teges manis. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *arūm* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *aroem*. Bedanipun inggih menika aksara ū wonten ing tembung *arūm* ewah dados aksara oe wonten ing tembung *aroem*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *arūm* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *aroem* wonten ing basa Jawi Enggal.

b). Basa Jawi Kina : *sūkṣma* ‘alus’ (Mardiwarsito, 1981:544) KB

Basa Jawi Enggal : *soeksma* ‘aloes’ (Poerwadarminta, 1939:571) KB

Ewahaning aksara ū dados aksara oe saged dipuntingali saking ewahing tembung *sūkṣma* ing basa Jawi Kina dados tembung *soeksma* ing basa Jawi Enggal. Tembung *sūkṣma* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:544) tegesipun alus. Ing basa Jawi Enggal *soeksma* (Poerwadarminta, 1939:571) ugi sami gadhah teges aloes. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *sūkṣma* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *soeksma*. Bedanipun inggih menika aksara ū wonten ing tembung *sūkṣma* ewah dados aksara oe wonten ing tembung *soeksma*. Boten namung aksara ū mawon ingkang ewah ananging ugi

aksara ꦱ. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *sūksma* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *soeksma* wonten ing basa Jawi Enggal.

12). Ewahipun aksara ũ dados oe

a). Basa Jawi Kina : *mŭrka* ‘bodho’ (Mardiwarsito, 1981:357) KB

Basa Jawi Enggal : *moerka* ‘boḁo’ (Poerwadarminta, 1939:327) KB

Ewahaning aksara ũ dados aksara oe saged dipuntingali saking ewahing tembung *mŭrka* ing basa Jawi Kina dados tembung *moerka* ing basa Jawi Enggal. Tembung *mŭrka* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:357) tegesipun bodho. Ing basa Jawi Enggal *moerka* (Poerwadarminta, 1939:327) ugi sami gadhah teges boḁo. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *mŭrka* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *moerka*. Bedanipun inggih menika aksara ũ wonten ing tembung *mŭrka* ewah dados aksara oe wonten ing tembung *moerka*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *mŭrka* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *moerka* wonten ing basa Jawi Enggal.

b). Basa Jawi Kina : *syŭh* ‘rusak’ (Mardiwarsito, 1981:556) KB

Basa Jawi Enggal : *sjoeh* ‘roesak’ (Poerwadarminta, 1939:566) KB

Ewahaning aksara ũ dados aksara oe saged dipuntingali saking ewahing tembung *syŭh* ing basa Jawi Kina dados tembung *sjoeh* ing basa Jawi Enggal. Tembung *syŭh* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:556) tegesipun rusak. Ing basa Jawi Enggal *sjoeh* (Poerwadarminta, 1939:566) ugi sami gadhah teges

roesak. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *syŭh* dipunpanggihaken beda kaliyan tembung *sjoeh*. Bedanipun inggih menika aksara ŭ wonten ing tembung *syŭh* ewah dados aksara oe wonten ing tembung *sjoeh*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *syŭh* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *sjoeh* wonten ing basa Jawi Enggal.

b. Ewahipun konsonan dados konsonan

1). Ewahipun aksara bh dados b

a). Basa Jawi Kina : *bhāgya* ‘begja’ (Mardiwarsito, 1981:123) KB

Basa Jawi Enggal : *bagja* ‘begdja’ (Poerwadarminta, 1939:25) KA

Ewahaning aksara bh dados aksara b saged dipuntingali saking ewahing tembung *bhāgya* ing basa Jawi Kina dados tembung *bagja* ing basa Jawi Enggal. Tembung *bhāgya* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:123) tegesipun begja. Ing basa Jawi Enggal *bagja* (Poerwadarminta, 1939:25) ugi sami gadhah teges begdja. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *bhāgya* dipunpanggihaken beda kaliyan tembung *bagja*. Bedanipun inggih menika aksara bh wonten ing tembung *bhāgya* ewah dados aksara b wonten ing tembung *bagja*. Boten namung aksara bh mawon ingkang ewah ananging ugi aksara ā. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *bhāgya* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *bagja* wonten ing basa Jawi Enggal.

b). Basa Jawi Kina : *bhakti* ‘bekti’ (Mardiwarsito, 1981:124) KA

Basa Jawi Enggal : *bakti* ‘bekti’ (Poerwadarminta, 1939:26) KB

Ewahaning aksara bh dados aksara b saged dipuntingali saking ewahing tembung *bhakti* ing basa Jawi Kina dados tembung *bakti* ing basa Jawi Enggal. Tembung *bhakti* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:124) tegesipun bekti. Ing basa Jawi Enggal *bakti* (Poerwadarminta, 1939:26) ugi sami gadhah teges bekti. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *bhakti* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *bakti*. Bedanipun inggih menika aksara bh wonten ing tembung *bhakti* ewah dados aksara b wonten ing tembung *bakti*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *bhakti* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *bakti* wonten ing basa Jawi Enggal.

2). Ewahipun aksara d dados ḍ

a). Basa Jawi Kina : *duṣṭa* ‘ala’ (Mardiwarsito, 1981:163) KA

Basa Jawi Enggal : *ḍoestā* ‘ala’ (Poerwadarminta, 1939:110) KA

Ewahaning aksara d dados aksara ḍ saged dipuntingali saking ewahing tembung *duṣṭa* ing basa Jawi Kina dados tembung *ḍoestā* ing basa Jawi Enggal. Tembung *duṣṭa* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:163) tegesipun ala. Ing basa Jawi Enggal *ḍoestā* (Poerwadarminta, 1939:110) ugi sami gadhah teges ala. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *duṣṭa* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *ḍoestā*. Bedanipun inggih menika aksara d wonten ing tembung *duṣṭa* ewah dados aksara ḍ wonten ing tembung *ḍoestā*. Boten namung aksara d mawon ingkang ewah ananging ugi aksara ṣ. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi

tembung *duṣṭa* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *ḍoesṭa* wonten ing basa Jawi Enggal.

3). Ewahipun aksara ḍ dados d

- a). Basa Jawi Kina : *guragaḍa* ‘diksura’ (Mardiwarsito, 1981:200) KA
 Basa Jawi Enggal : *goeragada* ‘diksoera’ (Poerwadarminta, 1939:156) KB

Ewahaning aksara ḍ dados aksara d saged dipuntingali saking ewahing tembung *guragaḍa* ing basa Jawi Kina dados tembung *goeragada* ing basa Jawi Enggal. Tembung *guragaḍa* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:200) tegesipun diksura. Ing basa Jawi Enggal *goeragada* (Poerwadarminta, 1939:156) ugi sami gadhah teges diksoera. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *guragaḍa* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *goeragada*. Bedanipun inggih menika aksara ḍ wonten ing tembung *guragaḍa* ewah dados aksara d wonten ing tembung *goeragada*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *guragaḍa* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *goeragada* wonten ing basa Jawi Enggal.

4). Ewahipun aksara dh dados d

- a). Basa Jawi Kina : *adhi* ‘becik’ (Mardiwarsito, 1981:10) KA
 Basa Jawi Enggal : *adi* ‘betjik’ (Poerwadarminta, 1939:2) KA

Ewahaning aksara dh dados aksara d saged dipuntingali saking ewahing tembung *adhi* ing basa Jawi Kina dados tembung *adi* ing basa Jawi Enggal. Tembung *adhi* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:10) tegesipun becik.

Ing basa Jawi Enggal *adi* (Poerwadarminta, 1939:2) ugi sami gadhah teges betjik. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *adhi* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *adi*. Bedanipun inggih menika aksara dh wonten ing tembung *adhi* ewah dados aksara d wonten ing tembung *adi*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *adhi* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *adi* wonten ing basa Jawi Enggal.

b). Basa Jawi Kina : *andha* ‘peteng’ (Mardiwarsito, 1981:45) KB

Basa Jawi Enggal : *anda* ‘peteng’ (Poerwadarminta, 1939:10) KB

Ewahaning aksara dh dados aksara d saged dipuntingali saking ewahing tembung *andha* ing basa Jawi Kina dados tembung *anda* ing basa Jawi Enggal. Tembung *andha* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:45) tegesipun peteng. Ing basa Jawi Enggal *anda* (Poerwadarminta, 1939:10) ugi sami gadhah teges peteng. Menawi dipuntingali saking babagan wujud, tembung *andha* dipunpangguhaken beda kaliyan tembung *anda*. Bedanipun inggih menika aksara dh wonten ing tembung *andha* ewah dados aksara d wonten ing tembung *anda*. Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun menawi tembung *andha* wonten ing basa Jawi Kina wujudipun beda ananging tegesipun sami kaliyan tembung *anda* wonten ing basa Jawi Enggal.

5). Ewahipun aksara dh dados ḍ

a). Basa Jawi Kina : *dhāraka* ‘sabar’ (Mardiwarsito, 1981:170) KB

Basa Jawi Enggal : *ḍaraka* ‘sabar’ (Poerwadarminta, 1939:65) KA

